Ассаламу гIалайкум!

# ЦIумадисезул гьаракь

(Голос Цумады)

2023 соналъул 17 март Рузман №11 (7773) Газета бахъизе байбихьана 1937 соналъул 1 декабралда Багьа 8 гъурущ 12 +

ЦIУМАДА РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА - ЦУМАДИНСКАЯ РАЙОННАЯ ГАЗЕТА

ВатIан цIунулезул кьерда

## Хъварщи кIкIалахъ гIураб мугIрул чанил бис

Мобилизация лъазабун хадуб Украиналда тIобитIулеб хасаб рагъулаб операциялда гIахьаллъулев



вуго Хонохъ росдал школалъул директор ГIубайдулаев Герейхан. Гьес жиндирго хъулухъалъухьги, рокъоб бугеб ункъо лъимералъухьги балагьичIого хIукму гьабуна улкаялде ккараб къо борхизе. Гьев ана нильер ВатIаналъе гIоло, нильер вац-яцазе гIоло ракь-лилаб гIумру цIунизе. Гьаб ахираб заманалдаги гьев тIоцебесеб кьерда вагъулев вуго. Герейхан гIуна ГIубайдулаев Расулил ва Герейханова ПатIиматил кIудияб хъизамалда. Гьев гIуна гIодове виччаравлъун, кIудиял-гьитIиназул адаб-хIурмат бугевлъун. Росулъ щиб къварилъи-гIатIилъи кканиги, Герейхан лъиего кумекалъе ватулаан. Гьудул-гьалмагъзабазда гьоркьов-ги Герейхан кидаго хIалае вахъине хIадурав вукIуна.

ГьабсагIат эбел-инсуда, вац-яцазда, гIагарлъиялда рекIеда кIудияб пашманлъи буго, гьел киналго, жи-деда тIад бугеб кIудияб гьирги бахчун сабруялда руго. ГIумрудул гьудул Гулишатицаги рухIарал магIил га-ралги къулчIун, рекIел кIудияб бухIигун тарбия кьо-леб буго лъималазе, яхI тун цIунун буго жиндирго росасдехун бугеб рокьиги, яшав-магIишатги. Гьез ки-назго сабруялда чIун Аллагьасда гьарулеб буго жидер васги, цогидал улбузул васалги Аллагьас цIунун эбел-инсухъе, лъимал-хъизаназухъе ва гIагарлъиялъухъе тIадруссине ратагиян.

Герейханил хIакъалъулъ хъвараб гьаб дир гьитIинабго макъала дица лъугIизе толеб буго «Ниж на-лъулал руго» абураб макъалаялда Болъихъ районалъул РахатIа росулъа микьабилеб классалъул цIалдохъан Фатима НурахIмаевалъ хъвараб куплеталдалъун.

**Огь, улбузул ракIал, улбузул ракIал,**
**Огь, нуж аралдаса нур сварал берал**
**Сабру бачунаго гIодулел ракIал,**
**Нужее гьарула нижеца сабру.**

### Хъварщи кIкIалахъ гIураб мугIрул чанил бис

Хъварщи кIкIалахъ гIураб мугIрул чанил бис,
Бана дуца ярагъ цогидаз гIадин.
Ана мун росу тун, рукъ-бакI хъизан тун,
ВатIаналъе гIоло рухI къун вагъизе.

ЦIадуца бухIулеб доб Украина
Жидерго рухIал къун рагъулел васал.
ВатIаналъе гIоло, ракълие гIоло
Тушманги нахъе чIван церехун унел.

Мун жанив гIураб гьитIинаб росулъ
ГьечIо мун дандчIвалев росдал къватIазда.
Дур нухмалъиялда букIараб мактаб
Дуй сахлъиги гьарун хIалтIулеб буго.

Мун нухда регIарал дур хIалтIухъаби
Дур къадруги цIунун х1алт1улел руго.
Дуца нахъа тараб дур мина-картги
Бесдаллъун хутIана гIагарлъиялъе.

Мунги ракIалде щун, дугIа гьабила,
Муъминчиясул ярагъ дугIа бугелъул.
Мун Аллагьас цIунун бергьенлъабигун
Вуссине ватаги хъизамалъухъе.

**МухIамадрасул МухIамадов,** Инхокъвари росу

## Агъвали субботник тIобитIана



Талат къоялъ Агъвалиб тIобитIана ихдалил суб-ботник. Цебеккунго хIадурараб графикалда рекьон учреждениябазулгун организациябазул хIалтIухъабаз рацIцIад гьаруна ГIандигIурул квегIаб рагIаллъи, Гьа-дири лъарал рагIаллъаби, базаралъул территория ва росдал къватIал.

Кинавниги субботникалда гIахьаллъана 250 гIа-насев чи. Щибаб бригадаялъ гьабураб хIалтIул хал гьабун хадуб райадминистрациялъул жавабияв хIал-тIухъан ТIагьир АхIмадовас абуна:

-Их щвейгун кибго рацIцIа-ракъалъи букIина-биялъул кIудияб кIвар буго экология цIуниялъе, гье-динго гIун бачIунеб гIел куцаялъе. Чорхол къуватги къун, гIетIулъги тIерхьун жидецаго бацIцIараб азбар-къоно ва къватI чорок гьабизе лъиего бокьиларо. Щи-бав инсанасе бокьула рацIцIалъи берцинаб гIумру, бацIцIадаб гьава. Гьеб кинабго нильеда бараб буго. Гьари буго гIадамазда рищни-къул, хъублъи гьелъ-ие лъурал къалазде бан, сверухълъи хъублъизабугеян. Азбар тун къватIиб бугеб бакIги чияр кколаро, гьеги бацIцIадго цIунизе ккела,-ян.

Администрациялъул рахъалдасан субботникалъул гIахьалчагIазе гьес баркала загьир гьабуна.

**Райадминистрациялъул пресс-хъулухъ**

## Лъималазулгун гIолилазул багъа-бачариялъул отделение рагьана

АнцIила цоабилеб марталда Гъоркьгъаквари гьоркьохъеб шко-лалда тIобитIана кIиго батIияб машгъураб лъугъа-бахъиналда хур-хараб рохалилаб дандельи.

ТIоцебесеб кIвар кьезе кколеб лъугъа-бахьин букIана Россиял-да лъималазул ва гIолилазул багъа-бачариялъул цолъи гIуцIиялда хурхараб. ЦIалдохъаби-хIаракатчагIаз, анкьабилеб классалъул цIалдохъан Рашидат МухIамадовалъ, анлъабилеб классалъул цIалдохъаби Ражаб ГIабдусаламовас ва Марьям МуртазагIалиевалъ, школалъул директор Руслан МуртазагIалиевасде хитIаб гьабуна Россиялъул лъималазул ва гIолилазул багъа-бачариялъул («Движе-ние первых») школалда байбихьул отделение рагьеян. Школалъул директорас къабул гьабуна цIалдохъабазул хитIаб ва изну къуна школалда байбихьул отделение рагьизе.

-Нильер улкаялда цереккунги гIуцIун рукIана пионеразул орга-низацияби. Гьелдаса нахъе ккана гIемерал хиса-басиял гIолилазул багъа-бачариялда. Дагъаб цебе Москваялда тIобитIараб съездалда лъималазул ва гIолилазул багъа-бачариялда хурхун анцIила кIиго батIи-батIияб рахъалъулаб Декларация тасдикъ гьабуна. Гьел-да рекьон щибав цIалдохъанас бегьула рекIее гIураб пиша тIаса бищизе,-ян абуна директорас.

КIиабилеб лъугъа-бахьинлъун ккана гIолилал инспекторазул агитбригадаби гIуцIаралдаса 50 сонилаб юбилей тIубай кIодо гьа-би.

Тадбиралда гIолилал инспекторазул мухьилъе щуабилеб кла-ссалъул цIалдохъаби къабул гьарулаго, лъикIал гьари-рахьиял гьа-руна школалъул директорас, учительзабаз ва чIахIиял классазул цIалдохъабаз.

**Зулейхат МухIамадова**

2023 сон-МугIалимасул ва насихIатчиясул лъагIел

# Анищалъулъ батана дида талихI

Улкаялъул президент Владимир Путинил указалдалъун Россиялда 2023 сон лъазабун буго мугIалимасул ва насихIатчиясул ЛъагIеллъун.

Гьелда хурхун районалъул лъай кьеялъул управлениялъ газета цIалулезул лъай-хъвай гьабизе буго районалъул бищун лъикIал учительзабазулгун ва гьезул хIаракатчилъиялъулгун.



ГьединаздасацоявккколаДагъистаналъулпачалихъияб педагогикияб институталъул филологияб факультеталда цIаларав Гьигьалъ гьоркьохъеб школалъул гIурус мацIалъулгун литератураялъул учитель СаидмухIамад ГьазимухIамадов. Школа лъугIарав гIолилас учителасул махщел тIаса бищиялъе гIиллалъун ккана гьесул тIоцеесей учительница. Гьелъул лъикIлъиялъ ва хIеренлъиялъ куцана гьитIичазул ракIазулъ берцинабщиналде рокьи ва мугIалимасул махщалиде гьира-шавкъ.

Гьелъ кинабго рекIел хIал ва чорхол къуват кьолеб букIана ниж цIодорал лъикIал, ритIухъал, гIадамаздехун гурхIел-рахIму бугелльун лъугьиналъеян бицунаан гьес. Гьедин гьитIинго бижана гьесул учительльун вахьине анищ.

-ТIоцевесев учитель ккола инсан куцаялъе кьучI лъолев къадахъан. Гьес цо-цо гамачI лъун, рекъезабун бала гьитIичазул букIинесеб гIумруялъе къед. Дицаги жигар бахъула цIалдохъабазул гIумруялъулъ аслияв ва кIвар бугев учительльун хутIизе, дирго тIоцеесей учительницаялда рельъине.

Дунгун дадчIвайдал цIалдохъаби рохи ва гьезул ракIазе рахIат щвей буго дир мурад. Жакъасеб кьоялъул учитель гьев ккола дирижер гIадав чи, гьесда бараб буго оркестралъул-классалъулго бакъан. Учителасул аслияб масъала букIине ккола тIадегIанал моралиял рахъазул инсан куцай. Дир анищ тIубана ва дун талихIав вуго учителасул махщел тIаса бищиялдаса. Кидаго жигар бахъула цIалдохъабазе интересал, гьира базабулел дарсал кьезе, гьезда дунял бичIчIизе ва гьениб жидерго бакI батизе кумек гьабизе,- ян абула гьес.

СаидмухIамадил буго лъеберalда щуйидасаги цIикIкIараб захIматалъул стаж. Гьеб заманалда жаниб гьес гIемерал цIалдохъаби хIадур гьаруна ТIолгороссиялъул школлъималазул олимпиадабазде, гIахьаллъана батIи-батIиял къецазулъ, сонайил гьесул выпускниказ цогоял пачалихъиял экзаменазда рихьизарула лъикIал хIасилалги.

Гьигьалъ школалъул коллективалда хIалтIулел гIолохъанал учительзабазул насихIатчиги ккола СаидмухIамад Бадрудинович. Гьес жигар бахъула гьел битIун цIалул планал ва дарсал хIадуризе ругьун гьаризеги, школалда гIуцIулел тадбиразе кверчIвазеги, жамгIияб хIаракатчилъи букIиналъе жигараб хIалтIи гьабизеги.

Цадахъ хIалтIулез ва цIалдохъабазул эбелинсуца адаб-хIурмат гьабула СаидмухIамадил, гIенеккула гьесул гIакъилаб ва сабруяб каламалъухъгун насихIатазухъ.

**Айкат МухIамадова**

# Обращение

**руководства отдела МВД РФ по Цумадинскому району к местному населению**

с 13 по 24 марта на территории района проводится второй этап общероссийской акции «Сообщи, где торгуют смертью». Целью акции является привлечение общественности к участию в противодействии незаконному обороту наркотиков. Очередной раз, затрагивая проблему наркомании в молодежной среде, хочется отметить, что наркомания опасное явление, поскольку носит скрытый характер и имеет разрушительные последствия. Она поражает людей независимо от нации, пола, религии или социального положения. Мало, кто, впервые беря в руки шприц, порошок или таблетку задумывается, насколько высокую цену придется заплатить за несколько минут сомнительного удовольствия. Каждому человеку, будь то ребенок, подросток или взрослый, стоит запомнить раз, и на всегда, наркотик-это смерть.

В детско-подростковой среде отсутствует активная психологическая защита по отношению к первой пробе и последующему приему наркотиков. Именно поэтому мы, старшие должны формировать жизненные установки молодых на активное противодействие вовлечению в наркотизацию.

К сожалению, в нашем районе имело место несколько случаев применения несовершеннолетними сильнодействующих лекарственных препаратов и различных наркотических средств.

Уважаемые жители района, призываем вас быть внимательными к своим детям и родным, особенно мальчикам подросткового возраста. Не позволяйте своим детям, находится после 22 часов на улице без сопровождения взрослых.

В случаях обнаружения тревожных признаков, а именно: неадекватного поведения, восприятия окружающего, изменений в худшую сторону физического и морально психологического состояния вашего ребенка, (родных, близких), появления на теле, на одежде запахов, следов употребления наркотических средств, обнаружения принадлежностей для их применения, незамедлительно следует принять меры, а иначе потом будет поздно.

Если вам станет известно о фактах употребления, хранения, изготовления, выращивания и распространения наркотических средств среди ваших родственников и знакомых, о местах употребления наркотических средств и о других любых фактах связанных с наркотическими средствами, просим незамедлительно сообщить в отдел МВД России по Цумадинскому району по телефону доверия: **8-963-410-52-51.** Анонимность и вознаграждение гарантируется.

## Лъазаби

Анкьабилеб маялда ТIинди росдал мадрасалда тIоритIизе руго Къуръан цIалиялъул къецал. Конкурсалъул тIалабазда рекъон васазул ва ясазул букIине буго щибаб ригь бихьун щуго кьокъа. ТIоцебесеб кьокъа ичIго сониде щвезегIан, кIиабилеб-12 сониде щвезегIан, лъабабилеб -15 сониде щвезегIан, ункъабилеб -16 сон ва щуабилеб -17 сон барал гIолилал. Кьокъаялда щибаб росулъа кIи-кIи чи гIахьаллъизе рес буго. ГIахьаллъизе бокьараз гIарза кьезе бегьула 1 маялде щвезегIан. ТIоцебесеб бакI ккурасе кьезе бихьизабун буго 10000 гъурущ, 2 бакI-7000 гъурущ, 3 бакI- 5000 гъурущ

**ГIуцIиялъул комитет**

РакIалдещвей

## Гьадириса ГIабдулкарим

1917 соналъул октябралда Россиялда инкъилаб бергьун хадуб захIматаб заман букIана Дагъистаналда. Нилъер мугIрузул районазда гьеб заманалъ букIараб ахIвал-хIалалъул гIемер бицунаан граждан рагъул гIахьалчи Гьадириса Сурхаев ГIабдулкаримица.

ГIумрудул сонал арав чи вукIаниги, ГIабдулкарим вукIунаан къамартIго. Гьесул вукIа-вахьин, хьвада-чIвади ва бицунеб хабар букIана лъабкъого сон барав чиясул гIадаб. Гьев вукIана кутакалда гьобол хирияв, хабар-калам гьуинав, ракIжубарав чи. ГодекIаниб гьес гIемер бицунаан церехун арал соназ Дагъистаналда, хасго мугIрузул районазда, ккарал лъугьа-бахъиназул, гIадамазул букIараб гIумру-яшаваялъул ва рукIа-рахъиналъул, бихьараб гIакъуба-захIматалъул, хIехьезе ккараб кьваридалъул.

ГIабдулкаримилгун нижер букIана гIагарлъи, гьев вукIана дир кIудияв инсул яц Анисатил рос. Гьезул вас Каримов ЗагьидхIажиги гIемер соназ хIалтIана Гьадири росдал колхозалъул председательлъун. Дие цIакъ бокьулаан ГIабдулкаримица росдал годекIаниб рицунел харбазухъ гIенеккизе. Гьесул биценаздаса лъалаан пачаясул заманалъ магIарухъ халкъ цIакъ язихъго букIарабльи. Кваназе жо гьечIольиялъ гIемерисел гIадамал мухьдахъ хIалтIулел рукIун руго бечедал чагIазда цере. ТIалаб гьабулеб букIун буго гьезул боцIул, хIалтIизабулеб букIун буго гьезул хурах. Цо тайпа гIадамазул унеб букIун буго Бакуялде, Ростовалде, Чачаналде, Гуржиялъе ва цогидалги бакIазде мухьдахъ хIалтIизе. Гьоб заманалъ рес бугев чиясецин бигьаго щолеб букIун гьечIо бозил ретIел ретIине. ГIемерисел гIадамаз ретIел букьулеб букIун буго гIиял тIахьазул.

1917 абилеб соналъул октябрь моцIалъ Россиялда инкъилаб бергьин хехго тIибитIана магIарухъ. Доб заманалъ Советияб властъалде данде чIаралги дагьал рукIинчIо мугIрузул Дагъистаналда. Гьелъул хIасилалда магIарухъ гIемер ккодел рукIана рагъа-рачарияль.

МагIарухъ Советияб власть гIуцIиялде дандечIарал ХIоцоса Нажмудинил ва цогидалги кьокъабазда данде рагъ базе нилъер районалда 1919 абилеб соналъ бачIун буго Муса Кундуховас бетIерлъи гьабулеб БагIараб Армиялъул часть. ГIахьвахъа СалихIов Шамхалица нухмалъи гьабулеб гIахьвалазул партизаназул отрядалда гьоръ рукIун руго Сурхаев ГIабдулкаримида лъалел ГIахьвахъа МухIамаев ХIайдарбег, ГIалахъа ХIусейнов КъурамухIамад, ГIандиса Гемага Хизри, ХIамзатил МухIамад, Больихъа ГIумаров ТIалхIат, ГIалидибир ва цогидалги. Гьелгун цадахъ гьачагъазде данде вагъизе лъугьанин живгиян бицунаан ГIабдулкаримица.

Шейх ХIасан-Афандил (КъахIиса устар) **«Тальхисул аль-магIариф фи таргъиб МухIамад-Г1ариф» -**абулеб тIехьалъул 29 абилеб гьумералда хьван буго 1920 абилеб соналъ КъахIиб данделъун букIанин Дагъистаналдаса гIемерал гIалимзабаз ракIарараб мажлисилан. Гьениб хал гьабун буго шаригIаталъулгун инкъилабалъул гьоркьоблъиялъул, ай Советияб властalде данде рахъизе ругищали абураб суалалъул. ТIубараб анкьалъ гьеб суалалда сверухъ гIалимзабазул рагIи данде кколеб букIун гьечIо. Гьезул бахIсазухъ гIенеккун, гьоркьов жувазеги бокьичIого рахIат хун вукIун вуго Шейх ХIасан-Афанди. Ахирисеб кьоялъ гьес абун буго инкъилабалъул рахъалъ жиндир пикру нужеда лъикI лъалинлъикI букIинин гьезулгун гьудуллъи ккуни, гIеларищ нилъее гьанжелъизегIан би гIодобе тIей. ХIасан-устарас абурабги гьабун, гIалимзабазул хIукму ккун буго рагъ гьабичIого тезе. 1937 соналъул 29 октябралда Нажмудиние кумек гьабунилан гIайибги гIунтIизабун ХIасан-устар НКВДялъ туснахъ гьавула. Гьелдаса нахъе гьев тIадвуссинчIо.

Гьеб букIана ХIоцоса Нажмудиница Советияб властalде дандечIей гьабулеб заман. Гьеб заманалда ГIабдулкарим лъугьуна партизаназул кьокъаялъуве. Иргадал цо-цо росабиги эркен гьаруларго, партизаназул кьокъа ХъварщикIкIалахъе жанире лъугьуна. Гьенир гIемер камиялги ккун, гьачагъал цIунтIадерил рахъалдехун лъутун уна. Гьедин щула гьабулеб букIун буго гьез щибаб эркен гьабураб росулъ Советияб власть. Гьенисан ГIабдулкарим нахъ вуссун вуго росулъе, Муса Кундуховги жиндирго отрядгун ЦIунтIехун ун вуго.

1920 соналъул сентябрь моцIалъ гIахьвалазул партизаназул кьокъаялъул нухмалъулев СалихIов Шамхалил ахIи бачIун буго Гуржиялъан аскаргун ва яргъил сурсаталгун вачIун ХIоцоса Нажмудиница ЦIунтIа участкаялда восстание багъаризабунилан. АхIуд вахъун ГIабдулкарим цадахъ Агъвалиса ГIумаров Жамбулатгун, ГьигьалъгIурухъа Бурзиев ГIабдулхIамидгун ва цогидалги божарал гIадамалгун Шамхалиде тIаде ЦIунтIе уна. Гьенивго ватун вуго Муса Кундуховги. Гьениб, Кидеро росулъ, ккун буго лъабго моцIалъ халат бахъараб рагъ. БагIараб Армиялъул рагъухъабигун цадахъ гьениб бергьенлъи босун буго ГIабдулкарим гIахьаллъараб партизаназул кьокъаялъ. Гьедин гIуцIун буго Кидеро росулъги Советияб власть.

Гьенисан вуссиндал ГIабдулкарим тIамун вуго Гьадири росдал Советалъул председательлъун, ва гьеб хьулухъалда хIалтIун вуго анцIила ункъо соналъ.

Ахирияб соназ ГIабдулкаримги гьесул чIужу Анисатги щибаб соналъ хаслихъе Агъвали рачIунаан хасел тIамизе. Гьоркьо-гьоркьов дунги щолаан гьезухъе хабар-каламалъе. Совет хIукуматалъ ГIабдулкарим кIодо гьавун вукIана шапакъатаздалъун, амма гьес цониги нухалъ дида гьел рихьизаричIо ва ратIлида ранги рихьичIо.

ГIабдулкарим хвана 90 сонил гIумруялда, вукъун вуго Гьадири росулъ.

**МухIамад Шамсудинов**

## Территориальная избирательная комиссия Цумадинского района

# Перечень

**избирательных участков, участков референдума, образованных на территории муниципального района «Цумадинский район» для проведения голосования и подсчета голосов избирателей, участников референдума**

| № п/п | № ИУ | Описание границ избирательных участков |
|---|---|---|
| | Агвалинский №1695 | В границах территории МО СП «село Агвали». Улицы: К.Абакарова, жилые дома №№84/1-143; Цумадинская, жилые дома №№1-8; Сабигулаева, жилые дома №№1-13; Речная, жилые дома №№1-46; З. Гусейнова, жилые дома №№1-10; Заводская, жилые дома №№1-32; С.Муртазалиева, жилые дома №№1-24/2; Садовая, жилые дома №№1-42; Садовая 1, жилые дома №№1-27; Андийское Койсу, жилые дома №№1-22; Больничная, жилые дома №№1-3. |
| | Маштихинский №1696 | В границах территории МО СП «село Агвали. Улицы: Гигатли-Гадиринская, жилые дома №№1-20; М. Гусейнова, жилые дома №№23-44; Сабигулаева, жилые дома №№13/1-34/2; Мельничная, жилые дома №№1-23/1; Маштихинская, жилые дома №№1-20; Школьная, жилые дома №№35-57/1; Имама Шамиля, жилые дома №№1-34; Насибил Коло, жилые дома №№1-20; Центральная, жилые дома №№1-14/1; Цумадинская, жилые дома №№9-19/2; Правосудия, жилые дома №№1-18. |
| | Колихинский №1697 | В границах территории МО СП «село Агвали». Улицы: К.Абакарова, жилые дома №№1-84; Колихинская 4-я, жилые дома №№1-20; Колихинская 3-я, жилые дома №№1-16; Колихинская 2-я, жилые №№1-6; Колихинская 1-я, жилые дома №№1-6; Наиба Загалава жилые №№1-12; Гаджимагомедова, жилые дома №№1-13; М.Гусейнова, жилые дома №№1-22; |
| | Кочалинский №1698 | В границах территории МО СП «сельсовет Кочалинский», в составе сел Кочали, Гигих |
| | Кванадинский №1699 | В границах территории МО СП «сельсовет Кванадинский», село Кванада |
| | Гимерсинский №1700 | В границах территории МО СП «сельсовет Кванадинский», село Гимерсо |
| | Тлондодинский №1701 | В границах территории МО СП «село Тлондода» |
| | Хуштадинский №1702 | В границах территории МО СП «сельсовет Хуштадинский», село Хуштада |
| | Хуштада-Урухский №1703 | В границах территории МО СП «сельсовет Хуштадинский», село Тленхори (Хуштада-урух) |
| | Ново-Хуштадинский №1704 | В границах территории МО СП «сельсовет Хуштадинский», село Чало |
| | Тленхоринский №1705 | В границах территории МО СП «сельсовет Хуштадинский», село Тленхори |
| | Тиссинский №1706 | В границах территории МО СП «село Тисси» |
| | Верхне-Тиндинский №1707 | В границах территории МО СП «сельсовет Тиндинский», в составе сел Тенла, Санух, Гвиначи, Мухарх, Бехвалутчи, Тинди (Верхняя) - улицы: Магомедгаджиева, Исила, Родниковая, Кавутли, Водозаборная, Квежани, Хвартли, Гаджимагомедова, Скалистая, Гамайи-1, Гамайи-2, Синдара |
| | Нижне-Тиндинский №1708 | В границах территории МО СП «сельсовет Тиндинский», в составе сел Акнада, Ангида, Аша, Гундучи, Тинди (Нижняя) - улицы: Аханла, Бацабакаха, Скаковая, Ремонтная, 1-я Старосельская, 2-я Старосельская, Паранга, Тупик-1, Тупик-2, Тупик-3, Тупик-4 |
| | Тисси-Ахитлинский №1709 | В границах территории МО СП «сельсовет Тиндинский», в составе сел Тисси-Ахитли, Гадайчи, Халих |
| | Гадиринский №1710 | В границах территории МО СП «сельсовет Гадиринский, в составе сел Гадири, Гачитли |
| | Гигатлинский №1711 | В границах территории МО СП «сельсовет Гигатлинский», село Гигатль |
| | Гигатли-Урухский №1712 | В границах территории МО СП «сельсовет Гигатлинский», село Гигатли-Урух |
| | Нижне-Гакваринский №1713 | В границах территории МО СП «сельсовет Нижнегакваринский», в составе сел Нижнее Гаквари, Цунди |
| | Цидатлинский №1714 | В границах территории МО СП «сельсовет Нижнегакваринский», село Цидатль |
| | Верхне-Гакваринский №1715 | В границах территории МО СП «сельсовет Верхнегакваринский», в составе сел Верхнее Гаквари, Эгдада |
| | Цумада-Урухский №1716 | В границах территории МО СП «сельсовет Цумадинский, в составе сел Цумада, Цумада-Урух |
| | Ричаганихский №1717 | В границах территории МО СП «сельсовет Цумадинский», село Ричаганих |
| | Саситлинский №1718 | В границах территории МО СП «село Саситли» |
| | Кединский №1719 | В границах территории МО СП «село Кеди» |
| | Эчединский №1720 | В границах территории МО СП «сельсовет Эчединский», село Эчеда |
| | Хвайнинский №1721 | В границах территории МО СП «сельсовет Эчединский», село Хвайни |
| | Гаккойский №1722 | В границах территории МО СП «село Гакко» |
| | Сильдинский №1723 | В границах территории МО СП «село Сильди» |
| | Верхне-Инховаринский №1724 | В границах территории МО СП «сельсовет Инхокваринский», село Верхнее Инхоквари |
| | Инхокваринский №1725 | В границах территории МО СП «сельсовет Инхокваринский», село Инхоквари |
| | Сантладинский №1726 | В границах территории МО СП «сельсовет Инхокваринский», в составе сел Сантлада, Квантлада |
| | Хваршинский №1727 | В границах территории МО СП «сельсовет Хваршинский», село Хварши |
| | Хонохский №1728 | В границах территории МО СП «сельсовет Хваршинский», село Хонох |
| | Метрадинский №1729 | В границах территории МО СП «село Метрада» |
| | Нижне-Хваршининский №1730 | В границах территории МО СП «сельсовет Нижнехваршининский», село Нижнее Хваршини |
| | Верхне-Хваршининский №1731 | В границах территории МО СП «сельсовет Нижнехваршининский», в составе сел Верхнее Хваршини, Цихалах |
| | Хушетский №1732 | В границах территории МО СП «село Хушет» |
| | Ново-Гигатлинский №1733 | В границах территории МО СП «сельсовет Шавинский», село Шава (н.п. Ново - Гигатли, Ново-Гадири) |
| | Аркаскентский (Ново -Цумадинский) №1734 | В границах территории МО СП «сельсовет Шавинский», село Аркаскент |
| | Шугуринский (Ново-Тиссинский) №1735 | В границах территории МО СП «сельсовет Шавинский», в составе сел Шугури, Талитель |
| | Ново-Тиндинский №1736 | В границах территории МО СП «сельсовет Шавиинский», село Шава (н.п. Ново-Тинди) |
| | Ново-Кединский №1737 | В границах территории МО СП «сельсовет Шавинский», село Шава (н.п. Ново-Кеди, Ново-Саситли) |
| | Ургулайский №1738 | В границах территории МО СП «сельсовет Шавинский», село Ургула |

## Информационное сообщение

## о приеме предложений по кандидатурам для назначения членами участковых избирательных комиссий (в резерв составов участковых комиссий)

Руководствуясь статьями 26 и 27 Федерального закона «Об основных гарантиях избирательных прав и права на участие в референдуме граждан Российской Федерации» территориальная избирательная комиссия Цумадинского района объявляет прием предложений по кандидатурам для назначения членами нижеследующих участковых избирательных комиссий (в резерв составов участковых комиссий), формируемых в 2023 году:

| Номер участковой избирательной комиссии | Количество членов участковой избирательной комиссии |
|---|---|
| 1695 | 9 |
| 1696 | 7 |
| 1697 | 7 |
| 1698 | 5 |
| 1699 | 7 |
| 1700 | 5 |
| 1701 | 5 |
| 1702 | 7 |
| 1703 | 5 |
| 1704 | 5 |
| 1705 | 5 |
| 1706 | 5 |
| 1707 | 7 |
| 1708 | 7 |
| 1709 | 5 |
| 1710 | 5 |
| 1711 | 7 |
| 1712 | 5 |
| 1713 | 5 |
| 1714 | 5 |
| 1715 | 7 |
| 1716 | 5 |
| 1717 | 5 |
| 1718 | 5 |
| 1719 | 5 |
| 1720 | 7 |
| 1721 | 5 |
| 1722 | 5 |
| 1723 | 5 |
| 1724 | 5 |
| 1725 | 5 |
| 1726 | 5 |
| 1727 | 5 |
| 1728 | 5 |
| 1729 | 5 |
| 1730 | 5 |
| 1731 | 5 |
| 1732 | 5 |
| 1733 | 5 |
| 1734 | 5 |
| 1735 | 5 |
| 1736 | 5 |
| 1737 | 5 |
| 1738 | 5 |

В соответствии с требованиями статей 22, 27 Федерального закона «Об основных гарантиях избирательных прав и права на участие в референдуме граждан Российской Федерации» и статьями 4, 27 Закона Республики Дагестан «Об избирательных комиссиях в Республике Дагестан» участковые избирательные комиссии формируются территориальной избирательной комиссией на основе предложений:

- политических партий, выдвинувших списки кандидатов, допущенные к распределению депутатских мандатов в Государственной Думе Федерального Собрания Российской Федерации, Народном Собрании Республики Дагестан, других политических партий и иных общественных объединений;
- избирательных объединений, выдвинувших списки кандидатов, допущенные к распределению депутатских мандатов в представительном органе соответствующего муниципального образования;
- собраний избирателей по месту жительства, работы, службы, учебы;
- представительных органов соответствующих муниципальных образований.

При внесении предложений в состав участковой избирательной комиссии должны быть представлены следующие документы:

политическими партиями, их региональными отделениями и иными структурными подразделениями - решение полномочного (руководящего или иного) органа политической партии либо регионального отделения, иного структурного подразделения политической партии о внесении предложения о кандидатурах в составы соответствующих участковых избирательных комиссий, оформленное в соответствии с требованиями устава политической партии;

иными общественными объединениями - нотариально удостоверенная или заверенная уполномоченным на то органом общественного объединения копия действующего устава общественного объединения, а также решение полномочного (руководящего или иного) органа общественного объединения о внесении предложения о кандидатурах в состав избирательных комиссий, либо решение полномочного органа регионального отделения, иного структурного подразделения общественного объединения, наделенного в соответствии с уставом общественного объединения правом принимать такое решение;

иными субъектами права внесения кандидатур - соответственно решение представительного органа муниципального образования, решение собрания избирателей по месту жительства, работы, службы, учебы.

Кроме того, субъектами права внесения кандидатур должны быть представлены:

- две фотографии лица, предлагаемого в состав участковой избирательной комиссии, размером 3 х 4 см (без уголка);
- письменное согласие гражданина Российской Федерации на его назначение в состав избирательной комиссии (по установленной форме);
-копия паспорта или документа, заменяющего паспорт гражданина Российской Федерации, содержащего сведения о гражданстве и месте жительства лица, кандидатура которого предложена в состав избирательной комиссии;
-копия документа (трудовой книжки либо справки с основного места работы) лица, кандидатура которого предложена в состав избирательной комиссии, подтверждающего сведения об основном месте работы или службы, занимаемой должности, а при отсутствии основного места работы или службы - копия документа, подтверждающего сведения о роде занятий, то есть о деятельности, приносящей ему доход, или о статусе неработающего лица (пенсионер, безработный, учащийся (с указанием наименования учебного заведения), домохозяйка, временно неработающий).

Прием документов осуществляется в период с 20 марта по 18 апреля 2023 года по адресу: 368900, Республика Дагестан, Цумадинский район, ул. К.Абакарова, 97, Почта, 2 этаж, кабинет территориальной избирательной комиссии.

При внесении предложений и оформлении документов по кандидатурам для назначения в состав участковых избирательных комиссий (в резерв составов участковых комиссий) следует руководствоваться статьями 22, 27 Федерального закона «Об основных гарантиях избирательных прав и права на участие в референдуме граждан Российской Федерации», Методическими рекомендациями о порядке формирования территориальных избирательных комиссий, избирательных комиссий муниципальных образований, окружных и участковых избирательных комиссий, утверждёнными постановлением Центральной избирательной комиссии Российской Федерации от 17 февраля 2010 года №192/1337-5, а также Порядком формирования резерва составов участковых комиссий и назначения нового члена участковой комиссии из резерва составов участковых комиссий, утвержденным постановлением Центральной избирательной комиссии Российской Федерации от 5 декабря 2012 года №152/1137-6 (размещены в разделе «Формирование участковых избирательных комиссий» на официальном сайте Избирательной комиссии Республики Дагестан в сети «Интернет»).

В состав участковых избирательных комиссий не зачисляются лица, подпадающие под ограничения, установленные пунктом 1 статьи 29 Федерального закона «Об основных гарантиях избирательных прав и права на участие в референдуме граждан Российской Федерации».

Заседание территориальной избирательной комиссии по формированию участковых избирательных комиссий будет проведено в июне 2023 года.

# Калимат Идрисова



9 марталда 92 сонил гІумруялда нилъедаса ятІалъана районалъул жамгІияй хІаракатчІужу Идрисова Калимат.

Гьей гьаюна 1931 соналъул 13 марталда Инхокъвари росулъ мискинчиясул хъизамалда.

ТІолабго бичІчІи бугеб гІумру Калиматил ана ВатІаналъе хъулухъ гьабулаго. ЗахІматалъул нух байбихьана 1956 соналъ ВЛКСМалъул Ведено райкомалъул техникияй секретарьлъун, хадуй йищана гьебго райкомалъул кІиабилей секретарьлъун. ХІалтІана Инхокъвари росдал библиотекаялъул нухмалъулейлъун, КПССалъул ЦІумада райкомалъул руччабазда гьоркьоб хІалтІи гьабулеб отделалъул нухмалъулейлъун, райПОялъул председателасул заместительлъун, райкиносеталъул нухмалъулейлъун, райисполкомалъул гІаммаб отделъул нухмалъулейлъун, райСобесалъул инспекторлъун.

Калимат йикІана гІакълу камилай, хабар берцинай, сабруяй, гІодое йиччарай гІадан. Гьабулеб ишалъулъ гьелъул букІана дуруслъи ва мухІканлъи.

Гьединайлъун хутІизе йиго гьей даим нижер ракІазулъги.

Калимат Аллагьасул къадаралде щвеялда бан нижеца гьваридаб пашманлъиялда зигара балеб буго гьелъул ясазда, гІагарлъиялда ва Инхокъвари росдал жамагІаталда.

Аллагьас рухІ иманалда босун батаги, нахъе ругезе сахлъи кьеги.

**«ЦІумада район» муниципалияб районалъул администрация, рагъул ва захІматалъул ветераназул районалъул Совет**

Райбольницаялъул хІалтІухъабаз зигара балеб буго ПатІимат ва НасихІат Зураевазда гьезул эбел

**Калимат**

Аллагьасул къадаралде щвеялда бан. РухІ иманалда бахъун батаги, нахъе ругезе гІумру кьеги.

Агъвали гимназиялъул хІалтІухъабаз зигара балеб буго Анисат Зураевалда гьелъул эбел

**Калимат**

Аллагьасул къадаралде щвеялда бан. РухІ иманалда бахъун батаги, хваралъе Алжан насиблъаги.

## Анкьгояв гІахьаллъизе вуго Россиялъул къецазда

Гьал къояз Грозный шагьаралда тІобитІана гІолилазда гьоркьоб (U21) эркенаб гугариялъул рахъалъ СКФОялъул первенство. Гьенир гІахьаллъарал нилъер районалъул гугарухъабаз рихьизаруна лъикІал хІасилал.

Кванхиса Элдар АхІмадудиновас 61 кг. цІайиялда ккуна тІоцебесеб бакІ. Гьебго цІайиялда кІиабилеб бакІ ккуна Инхокъвариса Рамазан Шамиловас. Гьединго кІиабилеб бакІ щвана Эчедаса АхІмад Заурбековасе (70 кг.) ва ТІиндиса МухІамадхІажи МухІамадовасе (92 кг.). Лъабабилеб бакІалде ккана Эчедаса ХІабиб Заурбеков (68 кг.), Агъвалиса Шамил Къадилов (79 кг.) ва ТІиндиса ГІали ТупагІалиев (125 кг.).

КватІичІого гьел цере рахъине руго Россиялъул къецазда. Гьарула гьезие гьенибги икъбал.

. . . . . . . . . . .

## МугІрузул рекериялъул къецал

Дагьаб цебе МахІачхъалаялда тІобитІана мугІрузул рекериялъул рахъалъ (гъоркьан тІаде) чІахІиязда ва гІолилазда гьоркьоб Дагъистаналъул чемпионат ва первенство.

ЧІахІиязда гьоркьор ичІго километралъул манзилалда векерун Дагъистаналъул чемпионаллъун вахъана Хуштадаса МухІамад АсхІабов.

ГІолилазда гьоркьов анкьго километралъул манзилалда векерун тІоцебесеб бакІ ккуна ТІиссиса МухІамад Расуловас, щуго километралъул манзилалда - кІиабилеб бакІ щвана ТІиндиса КъурамухІамад МухІамадовасе.

Баркула рекерухъабазда ва гьезул тренер ГІабдулкарим ХІамзатовасда щварал бергьенлъаби.

**Шамил Бадрудинов**

БетІерав редактор
Малачдибиров
ГІубайдула СагІадулаевич
2-52-44

Жавабияй секретарь
Сажидова
Зульфия АхІмадовна
2-52-92

Редакциялъул
(издателасул) адрес: 368900
Дагъистан Республика,
ЦІумада район, Кьенгьара росу
Заводалъул къватІ, 4

«ЦІумадисезул гьаракь»
газета гІуцІарал:
«ЦІумада район» муниципалияб
районалъул администрация

Газета къватІибе биччана
«Издательский дом «Дагестан»
ГАУялъул типографиялда.

Адрес: 367018,
МахІачхъала шагьар,
Насрудиновасул проспект, I «А»

Тираж - 1484
Газеталъул индекс:
51377 (бащдаб лъагІалие)
63302 (лъагІалие)

Макъалабазда рехсарал
хІужабазул, тарихазул бальголъи
гьорлъ бугел ва цогидалги
баяназул жаваб авторас кьола.

Газета зарегистрирована
Управлением Роскомнадзора
по Республике Дагестан.
ПИ №ТУ05-00434
от 15 июля 2019 г.

Адрес электронной почты
GoIostsumady@maiI.ru